


**Pale De**  
Enfeksyon  
Tibèkiloz









## Entwodiksyon



Plizyè milyon moun atravè lemond gen enfeksyon tibèkiloz (tuberculosis, TB). Yon moun ka gen bakteri tibèkiloz (*Mycobacterium tuberculosis*) nan kò li, men moun nan ka pa santi l' maladi. Yo rele sa yon enfeksyon tibèkiloz. Lè bakteri tibèkiloz a grandi epi moun nan kòmanse gen sentòm, se lè sa enfeksyon an devlope nan maladi tibèkiloz aktif, **yon maladi grav**.

Lè w aprann ke w gen enfeksyon tibèkiloz sa ka fè w pè — sitou akòz move enfòmasyon sou enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif. Gen kèk moun ki ka santi yo wont, pè oswa estigmatize paske yo gen enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif. Zanmi ak fanmi ka montre dezapwobasyon. Yo ka eskli yon moun ki gen tibèkiloz nan aktivite yo. **Sa ka rive paske yo pa gen tout enfòmasyon yo. Gid sa a ba ou fason pou w pale ak pwofesyonèl swen sante w, moun ou renmen yo ak kominote w konsènan enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif.**

Si yon moun di...	Di yo...
 <b>Lejann</b>	 <b>Reyalite</b>
<p>Enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif pa ka geri.</p>	<p>Enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif yo ka geri avèk bon tretman an. “M ap pran medikaman pou enfeksyon tibèkiloz pou anpeche m devlope maladi tibèkiloz aktif, yon maladi grav.”</p>
<p>Ou pa ta dwe bò kote fanmi w oswa zanmi w si w gen enfeksyon tibèkiloz.</p>	<p>Enfeksyon tibèkiloz a pa kontajye. Ou pa kapab “trape” tibèkiloz nan men yon moun ki gen enfeksyon tibèkiloz. Sepandan, maladi tibèkiloz aktif la kontajye. Lè w pran medikaman pou enfeksyon tibèkiloz sa pwoteje w kont maladi tibèkiloz aktif.</p>
<p>Ou ka pran maladi tibèkiloz aktif si w pataje manje oswa itilize menm istansil ak yon moun ki gen maladi tibèkiloz aktif.</p>	<p>Ou pa ka pran maladi tibèkiloz aktif lè w pataje istansil. Bakteri tibèkiloz yo gaye nan lè a. Lè yon moun ki malad ak maladi tibèkiloz aktif touse, etènne oswa pale, li mete bakteri tibèkiloz nan lè a. Moun ka respire bakteri tibèkiloz a epi yo ka vin malad.</p>



“Mwen pran medikaman pou enfeksyon tibèkiloz mwen an pou m rete an sante pou mwen menm ak pou moun mwen renmen yo epi pou m asire m pa devlope maladi tibèkiloz aktif.”

Si yon moun di...	Di yo...
<p> <b>Lejann</b></p>	<p> <b>Reyalite</b></p>
<p>Mwen te pran vaksen Basiy Calmette–Guéérin (Bacillus Calmette–Guéérin, BCG) (yon vaksen kont tibèkiloz). Èske mwen ka toujou pran enfeksyon tibèkiloz oswa devlope maladi tibèkiloz aktif?</p>	<p>Menmsi w te pran vaksen BCG a lè w te timoun, ou toujou riske pran enfeksyon tibèkiloz oswa devlope maladi tibèkiloz aktif. Ou ta dwe fè tès la menm si ou te pran vaksen BCG a lè ou te timoun paske li pa kontinye pwoteje granmoun yo kont enfeksyon tibèkiloz. Si ou te pran vaksen BCG a, ou ta dwe mande pou yon tès tibèkiloz ki baze sou san nan men pwofesyonèl swen sante w la, pa tès po a. Tès ki baze sou san an ap fè w konnen si w gen enfeksyon tibèkiloz menm si w te pran vaksen an anvan.</p>
<p>Enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif rive sèlman nan sèten moun akòz mòdvi yo oswa nivo revni yo.</p> <p>Enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif se pinisyon paske ou te fè yon bagay ki mal.</p>	<p><b>Nenpòt moun</b> ka vin enfekte si yo ekspoze a bakteri yo ki lakòz tibèkiloz. Enfeksyon tibèkiloz, oswa menm maladi tibèkiloz aktif, pa gen anyen arevwa avèk konpòtman nenpòt moun oswa klas sosyal yo.</p>

Si yon moun di...	Di yo...
 <b>Lejann</b>	 <b>Reyalite</b>
<p>Maladi tibèkiloz aktif se yon bagay ki te enkyete jenerasyon granparan mwen. Se pa yon pwoblèm ki poze kounye a.</p>	<p>Tibèkiloz toujou yon pwoblèm nan peyi Etazini ak atravè lemond. Tibèkiloz se youn nan 10 pi gwo kòz lanmò atravè lemond – menm pi wo pase VIH/SIDA. Ozetazini, yo estime 13 milyon moun gen enfeksyon tibèkiloz.<sup>1</sup></p>
<p>Moun ki gen enfeksyon tibèkiloz oswa maladi tibèkiloz aktif dwe viv nan lopital espesyal epi lwen fanmi yo.</p>	<p>Moun pa oblije viv nan lopital espesyal paske yo gen enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif. Sa te rive nan tan lontan paske nou pa t gen medikaman pou trete enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif. Kounye a nou gen tretman pou enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif. Mwen ka pran tretman mwen pou enfeksyon tibèkiloz lakay mwen.</p>

**“Mwen gen enfeksyon tibèkiloz. Mwen pa gen okenn sentòm e mwen pa santi m malad. Mwen pa kontajye. Mwen dwe pran tretman pou mwen pa pran maladi tibèkiloz aktif, yon maladi grav.”**

1. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi. Done ak Estatistik. CDC.  
<https://www.cdc.gov/tb/statistics/default.htm>.

Si yon moun di...	Di yo...
 <b>Lejann</b>	 <b>Reyalite</b>
<p>Mwen ta fè tès depistaj, men tès depistaj ak tretman yo twò chè.</p>	<p>TB Chest Centers (Sant Torasksik Tibèkiloz) Depatman Sante NYC yo bay tès ak tretman gratis. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou w jwenn yon referans.</p>
<p>Si mwen fè tès depistaj epi yo konnen mwen gen enfeksyon tibèkiloz oswa maladi tibèkiloz aktif, pwofesyonèl swen sante mwen an ap rapòte mwen. Mwen pè pou yo pa depòte mwen.</p>	<p>Depatman Sante NYC ofri sèvis yo san yo pa mande asirans oswa estati imigrasyon. Tout dosye yo konfidansyèl.</p>
<p>Li pa nesesè pou pran medikaman si ou pa gen okenn sentòm.</p>	<p>Menmsi mwen pa gen sentòm, gen bakteri tibèkiloz nan kò mwen toujou. Li pi bon pou m pran medikaman kont enfeksyon tibèkiloz pou m pa devlope maladi tibèkiloz aktif, yon maladi grav.</p>
<p>Tretman pou enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif ka touye ou.</p>	<p>Tretman pou enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif pa pral touye ou. Gen kèk moun ki ka gen efè segondè lè yo pran tretman an. Li enpòtan pou w jwenn tretman kou w konnen ou gen enfeksyon tibèkiloz pou anpeche maladi tibèkiloz aktif, yon maladi grav ki ka touye ou si li pa trete.</p>

Si w aprann ke w gen enfeksyon tibèkiloz:

- Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou epi chèche konprann tibèkiloz.
- Pale sou enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz aktif ak fanmi w, zanmi w ak kominote w.

Maladi tibèkiloz aktif ak COVID-19 tou de afekte poumon yo epi yo gaye nan kontak sere ant moun. Maladi tibèkiloz aktif ak COVID-19 gaye nan lè a lè w touse, etènye oswa pale. Tou de gen sentòm ki sanble epi yo ka twonpe youn pou lòt. Kontakte pwofesyonèl swen sante w la pou w aprann plis.

Pou plis enfòmasyon sou enfeksyon tibèkiloz ak maladi tibèkiloz, vizite **[nyc.gov/health/tb](https://nyc.gov/health/tb)**. Pou plis enfòmasyon sou sentòm COVID-19 yo, vizite **[nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus)**. Pou sipò kanmarad, vizite We Are TB Survivor's Network nan **[wearetb.com](https://wearetb.com)**.